



Enfòmasyon ak Resous yo

Lezyon Serebral (Chòk nan sèvo), menm yon komosyon serebral, kapab genyen yon gwo enpak sou reskape yo ak fanmi yo. BIA-MA kapab founi resous ak lòt enfòmasyon ki ka ede moun aje ki souffri lezyon serebral twomatik (oswa chòk twomatik nan sèvo) yo ak manm fanmi li yo. Jan de resous ki disponib yo gen ladan yo:

- Pwofesyonèl lezyon serebral ki travay nan domèn swen sante ak swen mantal
- Pwogram sipò pou lezyon serebral
- Sèvis kominotè ki espesifik pou ede moun aje sèlman.

BIA-MA gen gwoup sipò pou moun ki souffri lezyon serebral ak moun ki ap pran swen yo, toupatou nan eta. Pou plis enfòmasyon, rele BIA-MA nan (844) 839-7154 oswa imèl elders@biama.org.

Swen ak Sipò

Lezyon serebral twomatik kapab genyen yon gwo efè sou fanmi yo, sitou si moun ki souffri lezyon serebral twomatik la bezwen yon manm fanmi, oswa madanm oubyen mari li pou pran swen li. Moun ki ap bay swen yo konn souffri chòk, fè kòlè, denegasyon, ak depresyon mantal souvan.

Moun ki ap bay swen yo bezwen sonje pou yo pran swen tèt pa yo tou. Ni reskape yo, ni moun k ap bay swen yo bezwen sipò ak gid pou yo kapab fè fas a chanjman difisil ki gen rapò ak lezyon serebral twomatik yo.

Yo ankouraje manm fanmi yo pou yo aprann konnen kisa ki lezyon serebral twomatik la, pou yo kominike ak pwofesyonèl swen sante k ap trete reskape a yo regilyèman, epi pou yo fran sou pwogrè ak kapasite yo.



Komisyon sou reyabilitasyon nan Massachusetts (oswa MRC), atravè pwogram pou domaj nan tèt ki toupatou nan eta a (oswa SHIP), pwopoze pwojè pou “amelyore sistèm swen pou moun aje ki souffri lezyon serebral twomatik nan MA”.

Yo te mete pwojè sa sou pye pou ranpli objektif pwogram patenarya sou lezyon serebral twomatik ke administrasyon sèvis resous sante ap enpleman te toupatou nan eta. MRC ap sèvi tankou ajans prensipal k ap jere finansman pwojè sa a.



BIA-MA se yon òganizasyon prive, san bi likratif ki founi: **Sipò** pou reskape ki souffri lezyon serebral ansanm ak fanmi yo; **Pwogram Prevansyon** pou piblik la; **Fòmasyon** pou pwofesyonèl yo, epi tout lòt moun lezyon serebral afekte; epi defann **Enterè Lejislatif** pou lwa sou sekirite ak amelyorasyon sèvis kominotè pou reskape yo.

BIA-MA an kolaborasyon avèk Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts la (MRC), Ministè Sante Piblik (DPH), Rejis Otomobil (RMV), Biwo Administratif pou Zafè Moun Aje yo (EOEA) ak lòt asosyasyon pou prevni kont lezyon serebral epi ki founi sèvis bay reskape yo.

“Pwojè sa a resevwa sibvansyon nan men Administrasyon Sèvis ak Resous Sante (HRSA) dapre don H21MC26927 ki pou “amelyore sistèm swen pou moun aje ki souffri lezyon serebral twomatik nan MA,” pou plis pase 1 milyon ak 0 lòt sous finansman ki pa soti nan men gouvènman. Enfòmasyon, oswa kontni ak konklizyon sa yo se dapre otè a sèlman, yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon oswa politik ofisyèl, oubyen andòsman HRSA, HHS, oubyen Gouvènman Etazini an.”

TBI in Elders - Haitian Creole - May 2016

Lezyon Serebral Twomatik Moun Aje



Tenfòmasyon Sou Lezyon Serebral Twomatik Pou Moun Aje

844-839-7154 | www.biama.org/elders



Definisyon ak Kòz yo

Lezyon serebral twomatik se yon domaj nan sèvo ke bagay ekstèn (ki andeyò ko a) pwovoke.

Yo kategorize lezyon serebral tankou fèb, mwayen, oswa grav. Souvan, yo rele lezyon serebral twomatik ki fèb yo komosyon serebral, se yo ki pi komen. Tonbe oswa aksidan nan machin se kòz ki pi komen pami bagay ki ka lakòz lezyon serebral twomatik nan moun ki aje yo.

Yo ka souvan konfonn sentòm lezyon serebral twomatik yo ak lòt twoub tankou demans: manm fanmi yo ak lòt moun ka kwè ke chanjman yo remake nan reskape a se rezilta natirèl pwosesis vyeisman olye de lezyon serebral twomatik.

Demans se youn nan maladi ke lezyon serebral twomatik ka lakòz. Moun ki souffri demans, depresyon mantal ak maladi Parkinson gen yon risk ki pi elve pou yo souffri lezyon serebral twomatik lè yo tonbe.

Moun aje yo pi fasil gen maladi kronik ki ka afekte gerizon yo lè yo souffri lezyon serebral twomatik. Li patikilyèman enpòtan pou pran mezi ki ka anpeche moun aje yo tonbe paske li pi fasil pou yo tonbe, pou evite yo souffri plis lezyon serebral twomatik.

Sentòm ak Konsekans yo

Efè ke lezyon serebral twomatik koze diferan pou chak moun. Yo ka kategorize sentòm yo tankou sentòm fizik, mantal, oswa emosyonèl.

Egzanp konsekans fizik yo gen ladan yo:

- Tèt vire
- Fatig
- Tèt fè mal
- Pwoblèm pou w fè mouvman
- Chanjman nan fonksyon sansoryèl yo tankou ou je w sansib anpil lè w limyè oswa zorèy ou sansib anpil lè w tande bwi oubyen ou pèdi sansiblite nan ògan sans ou yo.

Mantalman, moun ki aje yo kapab gen difikilte ak:

- Kominikasyon
- Konsantrasyon
- Oryantasyon
- Pèt memwa
- Pou yo fè aranjman
- Pou yo konprann
- Pou yo pran inisyativ
- Jijman

Sentòm emosyonèl yo gen ladan yo:

- Kòlè
- Enkyetid
- Depresyon mantal
- Yo ka enève fasil
- Chanjman nan pèsonalite yo
- Yo pa ka kontwole emosyon yo

Reskape yo kapab souffri kriz oswa twoub somèy. Abi dwog ak/oswa alkòl se youn nan twoub konkomitan ki pi komen ki konn rive lè yon moun souffri yon lezyon serebral twomatik. Si ou menm oswa yon moun ki pwòch ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, kontakte doktè w toutswit.

Tretman ak Rekiperasyon

Sa kapab ede rekiperasyon epi prevni kont plis domaj, si yo rekonèt epi reponn yon fason apwopriye lè lezyon serebral twomatik (menm komosyon serebral tou) fenk rive.

Yo ka itilize tèswon newolojik tankou eskanografi (CAT, tomografi aksyal nan òdinatè), IRM (MRI, Imaj rezonans manyetik), oswa EEG (elektwoansefalogram) pou detekte lezyon serebral twomatik, men yo pa konn toujou detekte lezyon serebral twomatik ki fèb yo (tankou komosyon serebral).

Tèswon newosikolojik se youn nan mwayen ki pi efikas pou detekte lezyon serebral twomatik ki fèb yo. Detekte ke yon moun souffri lezyon serebral twomatik pèmèt yo drese yon plan tretman ki apwopriye, ki pral enkli pwofesyonèl medikal k ap travay nan plizyè domèn.

Moun ki aje epi ki souffri lezyon serebral twomatik gen tandans pou yo geri mwen rapid pase reskape ki pi jenn yo, men yo ka toujou amelyore fonksyonman yo si yo jwenn reyabilitasyon ki apwopriye.

Moun ki pi aje yo gen yon risk ki pi elve pou yo souffri komosyon serebral lè yo tonbe akòz enteraksyon medikaman yo pran yo ak efè segondè yo, pwoblèm ekilib, pwoblèm nan je, avèk danje ki ozalantou kay yo ki ka lakòz yo trebiche. Yo plis ka gen sentòm ki dire pi lontan epi yo ka pran plis tan pou yo retabli pase moun ki jenn yo.

-Sant pou Kontwol ak Prevansyon kont Maladi

